ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ЛЫЗЫЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№229 (21.887) ● 2010 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр къыдэгъэкIыжрэ икIи абыхэм кьаруу зэрагъэуцу щIыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м кьыдигъэкIа Указ №23-м кьаруу имыIэжу къэлыытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр къыдэгъэкIыжрэ икIи абыхэм кьаруу зэрагъэуцу щIыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м кьыдигъэкIа Указ №23-м кьаруу имыIэжу къэлыытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м
№159-УП

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Хуэныкъуэхэм ядоIэпыкъу

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым «Правительствэ сыхьэтыкIэ» щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхьэм псоми яльэIу» юстицэ дэIэпыкъуныгъэ щратыным икIи уэчыл лэжьигъэм щIэгъэкъуэн щыхуэхъумыкIэ лэжьыщхьэхэм я IуэхукIэ» КЪБР-м и Законыр гъэзэщIа зэрыхъым.

КЪБР-м и Уэчыл палатэм и президент Я́бгъэжьыкъуэ Хьэбас зэрыжиIамкIэ, мы зэманым республикэм щолажьэ уэчыл 254-рэ. Абыхэм коллегиуе 8, КЪБР-м и уэчылхэм я коллегием и кьудамэу 8, уэчыл бюроуэ 3, уэчыл кабинету 112-рэ къыхэгъэщащ.

Зи гугъу тщIы Законым ипкъ иткIэ, уэчылхэр Урысей Федерацэм и цIыхухэм пщIэншэу ядоIэпыкъу абы зэрыщыубзыхуам тету. Ахэр уголовнэ, граждан Iуэхухэм щыслэнъэ судхэм я лэжьигъэм хэтщ ахьшэ зэрамыIэм къыхэкIыу уэчыл къэзымыщтэр цIыхухэм кьащIэощыжу. Я́бгъэжьыкъуэ Хьэбас и псалъэхэм тепщIыхьам, зыхэлпъэ Iуэхухэр зы илъэсым мин 14 - 16 хуэдиз мэхъу. Федеральэ законодательствэм тету, КЪБР-м и уэчылхэм пщIэншэу юстицэ дэIэпыкъуныгъэ irат зи унагъуэм щыщхэм ику ито яIэрыхьэ хэхъуэр упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм ямыс цIыхухэм, яп, етIуанэ гупхэм хьэпэ ныкъуэныкъуэхэм, Хэку зауэшхэм хэтащхэм, балигъ мыхъуахэм, зи акьыл зэтемыхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и жылагъуэ хэщIапIэм чэзуэу щIэсщ абы зыхуэзыгъаэхэм ядоIэпыкъу уэчылхэр.

УФ-м Тезырхэр егъэпшыныныкIэ и IэнатIэм КЪБР-м щиIэ кьудамэр и гьусэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Уэчыл палатэм зэтриухуэну гъэхъэщщым исхэм юстицэ дэIэпыкъуныгъэ ираты-ным теухуа дэжьыгъэр. Апхуэдэ лъэIыкIэ илъэс къэс палатэм зыкъыхуагъазэ щыху мина 4,5-м къыщыщIэдзауэ мини 6-м нэсым.

АрщхьэкIэ щIыхухэм щIэншэу юстицэ дэIэпыкъуныгъэ етыным и Iуэхум зэIумыбз, зэфIэмыхьа зыкъом хэльщ. Ар нэхьыбэу къыдыхэкIыр апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ къуатым папщIэ тхыль кудыкIей зэбгъэпэщын, абы зэманыщхэр тебгъэкIуэдэн зэрыхуейрщ. КъэлъаIуэхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэри зэрамыхьэкIыу хьунукъым. Я́быныкъуэхэм уэчылымрэ ар зыдэIэпыкъумрэ я закъуэу зэпсэлъфыкрым - зы пэшым зэуэ уэчылитху щолажь. Президиумым хэтхэм КЪБР-м Къэрал мыпкъур зехьэныкIэ, щIы куэлегIъэхэмкIэ и министерствэм, щIыпIэ самоуправлением и органхэм ельэIуащ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ нэхьыфIу зэрыхуащIэну Iэмалхэр уэчылхэм къыхуэзэгъэпэщыну.

Абы кьыдэкIуу къащта унафэмкIэ депутатхэм КЪБР-м и Правительствэм хуагъэлъэгъуащ пщIэншэу юстицэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат хабзэхэр нэхъ кьуэу зэрагъэпэщыну Iуэхуейм. Ар хьуэгъэзар абы папщIэ зэхуахьэс тхылъхэм я бжыгъэр ягъэмэщIэнырщ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ щIыхуэхэм хабзэхэр нэхь кууэ зэгурыгъуэн зэрыхуейм. КЪБР-м и Уэчыл палатэм чэщджэ ираташ хабзэхэм щIыхуэхэр хагъэгъуэзэн папщIэ, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм нэхьыфIу ядлэжьэну, апхуэдэу «УпщIэ-жуэап» рубрикэм щIэт тхыгъэхэр кьыгъэдэну.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.



Брюссель щыIэIуощIэ

АБХЪАЗ. *Приднестровьемрэ Абхъазымрэ Къэрал щыIэ IуэхухэмкIэ я министрхэр Брюссель щыIэхуэзащ. Аэр, тепсэлъыхьащ Кавказ Ипщэм щыIэ зэныкъуэкъуэр, кьыхэбгъэщIэ. Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ теухуа Iуэхугъуэхэр зэрагъэхьыным.*

ЛЪЭНЫКЪУИТIМИ кьыдэрыхагъэщамкIэ, кьаIэта Iуэхум екъэлIаеу НАТО-м и бгъэдыхьэкIэр кьеэзэгъэкъым. Абхъазым и лIыкIуэ Гвинджие Максим а махуэ дыдэм Iущащ Никарагуа республикэм къэрал щIыф IуэхуэхэмкIэ и министр Лопес Самуэль Сантос.

Лей зытехьахэм зыщIагъакъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Дагъыстэн Республикэм щыIэ ЦИбари кьуажэм КъШР-м и тхьэмадэм и унафэкIэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэ ирагъащIэ. КьушынэмыщIауэ, мафIэм нса жыIэм щыщ зэхуэхьэсыным ядэIэпыкъунущ психолог гуп.*

ФИГУ къэдгъэкIыжьащ, щэкIуэгъуэм и 30-м ЦИбари къышыхьэ щIэсщ фIэсым унэ 85-рэ исащ икIи хэщIыныгъэшхэр кьиIащ. Абыхэм щыпсэуэхэр гьунэгъу кьуажэхэм ягъэIэпэхьуащ.

Псалъэ гуапэкIэ захуегъазэ

АДЫГЕЙ. *Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу президент Тхьэкъущынэ Асльанджерий псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъазащ и щIыналъэм щыпсэу ныкъуэдыкъуэхэм икIи я лэжьигъэм, спортым, гъэздэжьмрэ щIэныгъэмрэ ехьулIэныгьэхэр щыысIэрагъэхьэну зэригугъуэр кьыхихьэщащ.*

- РЕСПУБЛИКЭМ ныкъуэдыкъуэу цIыху мин 36-м щигъу щопсэу. Ахэр медицинэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и мызакъуэу, я гум, я псэм дыхьэ псалъэ гуапэхэм хуэныкъуэщ. А цIыхухэр езыхэр щIэгъэкъуэн, дэIэпыкъуэгъу хуейщ, ауэ щыхьэкIи, лIыгъэм и дерсхэр кьаби эдкI, - жиIащ Iхьэкlушынэм.

Апхуэдэуи абы кьыхигъащащ, нужь илъэсхэм ныкъуэдыкъуэхэм гулыгъэ нэхьыбэ хуащI зэрыхъуар, социальнэу защIэгъэкъуэным теухуа республикэ программэр нэсу зэрагъэзащIэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

№229 (21.887) ● 2010 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Хъыбар гуапэ

ФИФА-м и президент Блаттер Йозеф IэIэтым кьрикIуар егъэнаIуэ.

Дунейпсо зэпеуэр Урысей Федерацэм къыхуагъэфащэ

ФИФА-м и хэщIапIэ нэхъыщхьэу Цюрих (Швейцарие) щыIэм вэсэмахуэ щауэзыхуащ футболымкIэ дунейпсо зэпеуэхэр 2018, 2022 гъэхэм щекIуэкIыну къэралхэр. IэIэтым я насып къыщикIащ Урысей Федерацэмрэ Катарымрэ.

2018 ГЪЭМ щыIэну дунейпсо зэпеуэр я деж щрагъэкIуэкIыну я закъуэу зыкъагъэлъэгъуат Инджылызымрэ Урысей Федерацэмрэ. Зэгъусэу ар къызэрагъэпэщыну хьэзырт Голландиемрэ Бельгиемрэ, Испаниемрэ Португалиемрэ. Абыхэм я Iуэхуэхэр нобэкIэ зытетыр, адэкIэ яхуэзэфIэкIыну къэзыпщыта комиссэ хэхам зэхуихьэса дэфтэрхэм гупсэхуу хэплъа иужькIэ дзыхь нэхъ зэгъэзэпхъэр ФИФА-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэт цIыху 22-м IэIэткIэ яубзыхун хуейт.

Ягъэ Iыхьэм Урысей Федерацэм и телъхьэу 9 къэуващ. Испаниемрэ Португалиемрэ я лъэныкъуэ хуащ, Голландиемрэ Бельгиемрэ 4 къалъысащ, Инджылызыр кьыхэзыхар 2-щ. Iэ зыIэта псоми я нэхъыбэр зыми и телъхьэ зэрымыхъуам кьыхэкIыу, нэхъ мащIэ дыдэ къэзыхьа Инджылызыр хагъэкIри, адрейхэм аргуэру хэплъэжащ. Арати, 2018 гъэм екIуэкIыну дунейпсо чемпионатыр Урысей Федерацэм иригъэблагъэну нэхъ хуэфащэу цIыху 13-м къалъытащ.

Ди къэралым дежкIэ ар текIуэныгъэ инщ. КъуэкIыпIэ Европэм щыяпэ дыдэу футболымкIэ дунейпсо зэпеуэр Урысей Федерацэм щекIуэкIынущ икIи жэуапныгъэр абы нэхъыбэж ещI. А Iуэхугъуэм и фIыгъэкIэ нобэрей зэманым декIу стадион 13 Мэзкуу, Санкт-Петербург, Къазань, Сочэ, нэгъуэщI къалэхэм щауэхунущ, гъуэгуэр, хьэщIэщхэр, кхъухьлъатэ тIысыпIэхэр, телефон зэпыщIэныгъэхэр фIы дыдэ ящIынущ. А псоми доллар милиард 10 трагъэкIуэдэну загъэхьэзыр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

2018 гъэм дунейпсо зэпеуэр щекIуэкIынур зэхэкIащ.

● Къулыкъу

Ещтрэч Владимир Налшык къегъэзэж

«Спартак-Налшык» профессионал футбол клубымрэ КЪБР-м ФутболымкIэ и федерацэмрэ я унафэщIхэм зэгъусэу иджыблагъэ irагъэкIуэкIа зэIущIэм кьыщыхалъхьэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентыр арэзы техьауэ ди командэм и тренер нэхъыщIхьэу Ещтрэч Владимир ягъэувыну.

«СПАРТАК» стадионым и пресс-хэщIапIэм дыгъуасэ Ещтрэчыр журналистхэм щахуэзащ икIи упщIэ куэдым жэуап иритащ. Абы жиIащ уэззэшауэ Налшык кьыщэригъэзэжар икIи кьыхигъэщащ игъащIэ льандэрэ зэпыщIэныгъэ куэд зыхуиIэ командэм ехьулIэныгъэфIэр иIэн папщIэ лъэкI кьыщэримыгъэнэну.

Фигу кьэдгъэкIыжьащи, Ещтрэч Владимир Налшык и «Спартакым» и гъуащхьэуэ 1964 гъэм джгун иригъэжащ икIи илъэсиплкIэ абы хэтащ. А зэманым кьуриубыдэу топи 5 и хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм дигъэкIащ. КъыкIэлъыкIуэу Мэзкуу и «Динамо»-мрэ (1968-1973) «Локомотив»-мрэ (1975 - 1977) яхэту зэIущI 155-рэ иригъэкIуэкIащ икIи 16-рэ кьыхэжаныкIащ. 1970 гъэм «Динамо»-м щыджэгу СССР-м и кубокымрэ чемпионатым и дыжьын медалымрэ кьухьащ. А гъэ дыдэм къэралым и футболист нэхъыфI 33-м хабжащ.

1972 гъэм Европэм и кубокхэр кьэхьун папщIэ зэпеуэм хэту финалым нэсащ икIи ди къэралым щыяпэ дыдэу абы топ щыдигъэкIащ. СССР-м и командэ кьыхэхам зэIущIи 8 (топи 2 щыдигъэкIащ), СССР-м и олимп гупым джэгуГуэн З щригъэжьэкIащ. КьищынэмыщIауэ, СССР-м и щIалэгъуалэ, РСФСР-м и командэ кьыхэхахэм куэдрэ ираджащ. Гъуащхьэтет цIэрыIуэ Ящин и иужьрей дыдэ зэIущIэм щыджэгуащ.

1983 гъэм щегъэжьауэ 1988 гъэ пщIондэ Налшык и «Спартакым» и тренер нэхъыщхьэу лэжьащ. Абы и ужькIэ Мэзкуу и «Локомотив»-м и тренер нэхъыжьу irагъэблагъэнащ, иужькIэ тренер нэхъыщхьэу ягъэуващ. Игъасэ командэм щыгъуу 2002, 2004 гъэхэм Урысей Федерацэм и чемпионатым и дыщэ медалыр кьыхуагъэфэщащ.

Ещтрэч Владимир дохъуэхъу зыпэрыуна IэнатIэщIэр кьехьулIэну икIи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я щIыхьэр нэхъ лъагэжу зэрилIэну зэфIэкI кьигъэльэгъуэну.

ХЬЭТАУ Исльам.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Германием и махуэхэр

Дыгъэгъазэм и 6 - 11-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щекIуэжьыну Германием и махуэхэр. ИльэсетIуанэ хуэуэ республикэм исхэм а фестивальм щрагъаIэ зыщыхуащI Германием и иджырей щэнхабзэм, псэукIэм, экономикэм, щIыхуэхэм щэнхабзэ зэрырагъэгъуэтым.

НЭГЪАБИ хуэдэу, фестивалыр мы гъэми кьыхэзыхыну суратт-художник цIэрыIуэ Браде Николаус и лжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэмкIэ. Фестивалым хиубыдэу Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхь кьэралуеныгъэм и университетым щрагъэкIуэкIынущ Урысеймрэ Германиемрэ я зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным теухуа щIэныгъэ конференц.

«Форум» Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм утыку кьыщрахьынущ нэмыщI кинематографистхэм я лжьыгъэхэр щIэрыIуэхэр. КъБР-м туризмэм зыщегъэужьынымкIэ, а IэнатIэм нэгъуэщI кьэралхэм щыщхэри кьешлIэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхьэхэмрэ зыхуэпIэхэмрэ щытепсэлъыхьынущ унафэщI кадрэр гъэхъэзырынымкIэ Президентым и программэм тету irагъэджахэр, кьэрал Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр хэту irагъэкIуэкIыну зэIущIэшхуэм.

Фестивалыр нэгъаби хуэдэу irагъэкIуэкI Германием и посольствэу Москва щыIэм и официальнэ сайтым (**www.moskau.diplo.de**).

ЩОДЖЭН Заирэт.

■ ЗэIущIэхэр ■ Лъэпкъ Iуэху ■ Спорт
■ ТхылъыщIэ ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

● Республикэм и куейхэм

Къапэщыта къалэнхэр ягъэзащIэ

Щыхуэхэм я псэукIэр еъэфIэкIуэным теухуа лэжьыгъэ кудэ мы илъэсым щыкIэфагъэкIащ Аруан районым. Къаращтэмэ, Нарткьалэ дэт хэ зэтетхэм ящыщу 16-р зэгъэпэщыжьми зэрыхуейр республикэ программэм хиубыдауэ щыташ. Жащуэгъуэ мазэм и 10-м ирихьэлIэу а лжьыгъэ псори зэфIагъэкIаш.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Къэхъуэн къуажэм и кIэм щыпэблэгъэащ телефон зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным екъэлIа лжьыгъэхэр. Мэрэзэхъу жьылэм жьы хьуа кабель кIапсэхэр щIэкIэ щыязраухъэкIащ. Абы и фIыгъэкIэ, къуажэдэсхэм дяпэкIэ хуиту интернетыр къагъэсэбэпынущ. Апхуэдэу Псыгэнэгъу къуажэм мыгувэу щауэтIупщынущ псы къыщIэхьапIи 2. Мыр планым хэмыту зэфIагъэкIа Iуэхушхэущ. Куэд зыщыгуфIыкIыпхьэщ Шэрдж псым и Iуфэхэр гъэбыдэным теухуа ахъшэр къэрал бюджетым къыхагъэкIыну зэрыграухуар.

2011 гъэм мы куейм щыщIадзэнущ псы кьагъэсэбэпар гъэжьэбэным елъэкIыну уэхуныгъэщIэхэмк. Абы и проектри и кIэм нагъэс.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.
Аруан куей.

ЕджапIэр къагъэщIэрэщIэж

Ильэсэ 100 зэрырикъур иджыблагъэ ягъэлъапIа. Шэрдж районым хьихь Къэшокъуэ къуажэ куэд школым и зэтэпэщыжьыныгъэ и кIэм нэблагъащ.

А IуэхУМ район бюджетым сом мелуани 2-м щIигъу хухихащ. ЛъэкIыгъэхэр зэфIэзыгъэкI «Куащхьэмахуэ» подряд организацэм абы и унащхьэхэр зэман кIэщIкIэ зэрихьащIкIэ зэрихьэкIащ, и IуплъапIэхэр зэрихьащ, къатищми санузелхэр щIэрыщIэу щигъэуващ.

Гъуэгуанэшхуэ кьэзыкIуа егъэджэныгъэ Iуэхуэщ1апIэхэм ящыщ зым иджырей школхэм я теплъэ екIуэ хуэдэ зэригъэутам, зэрырагъэфIэкIуам абы и еджапIэ 500-мрэ егъэджакIуэхэмрэ щогуфIыкI.

БОЗИЕВЭ Залинэ.
Шэрдж куей.

Iуэхутхьэбзэщ1апIэ къызэIуах

**Дзэлыкъуэ районым щыпсыгъэIуахащ щыхуэхэм Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ центр. Абы и Iэщ1агъэлIхэм кьуажэдэсхэр зыхуэпыкъуэ къуажэм щыпсэу ныкъуэдыкъуэхэм я Iуэхугъуэхэр зэрахьэрымыкъуэм къыхэкIыу, гъэкIэ къыхэгъэсэбэным и куэдагъэр хигъэщIын мурадкIэ, Украинэр ижь итщ хамэщIхэм щIыдагъэ я къыщыщIэщыныкIэ гъжьыгъэм кууэу хьэхэным, апхуэдэ щыкIэкIэ къэралым къришалIэ щыдагъэм и бжыгъэм хигъэхъуэным. Нэхъапэ1уэкIэ Киеврэ Дамаскрэ зэгурыIуат щыдагъэ къыщыщIэщыпредприятэ зэгъусэу къызэрагъэпэщу, абы дэнэ щыпIи щилэжь Iуэхутхьэбзэхэм зрагъэубгъуну.

КъищынэмыщIауэ, Украинэм и правительствэм жиIа Сириием и щIалэм электроэнергетикэм зыщегъэужьыныр пыщIа проектэр зыгъэзащIэ Iуэхущ1апIэхэм я предприятэхэр хагъэхьэну зэрыхуейр.

МафIэс шынагъуэр

Израильм и мэзхэм къыщыхуащIэгъэлеиуэ мафIэсыщхуэ. Хайфа и Iэгъуэблагъэм щыпсэу цIыху мин 13 абы и зэранкIэ икIэщIыпIэкIэ я щIыпIэм ирагъэIэпхъуэкIын хуей хъуащ.

А кьалэр Израильм и ищхьэрэ щIыналъэмкIэ я нэхъ инщ, цIыху мин 250-рэ щопсэу, и инагькIэ къэралым щыещанэ жылагъуэщ. МафIэс шынагъуэм хэкIуэдащ цIыху 40 хуэдиз. Абыхэм я нэхъыбэр тутнакъущхьэкIэ управленэм и лэжьакIуэт. Ахэр зэрыс автобусыр мафIэсыр щыин щIыпIэм щыпхрыкIым щхьэпридзащ.

Хайфа щыIэ тутнакъущым щалыгъ цIыху 600-ри ягъэIэпхъуащ. ХэкIуэдахэр я IуэхумкIэ я лэжьэгъуэхм дэIэпыкъуну Iуэху яIэ. Израильм и телевиденэм къызэригъэльэгъуамкIэ, мы щIыпIэм щыIэ мэзыр ягъэсауэ хуагъэфащэ, ауэ ар зылэжьахэр хэт сымэми къыхэтакъым.

Израильм и премьер-министр Нетаньяху Биньямин жиIащ абы нэхъ тхьэмащIкIагъэшхуэ я хэкур зэи Iумыуауэ икIи хамэ хэрахэм, Урысейри абы яхэту, кьыдэпыкъуну ельэIуащ. МафIэсыр зэрагъэункIыфIыным хуэщIа кьухьльэтхэр Алыджым, Урысеймрэ илъэтыкIащ.

Ягъэ дыдэу

ООН-м ШынагъуэншагьэмкIэ и Советым зэпымыууэ США-м и лIыкIуэу хэт Райс Сьюзан зэрыжиIэмкIэ, зэи къэмыкъуауэ, я Советым иригъэкIуэкIыну зегъэхьэзыр дуней псом щыщу жэрдэм зиIэ щIалэгъуалэр щрагъэблагъэ зэIущIэшхуэ.

ООН-м ШынагъуэншагьэмкIэ и Советым илъэс 25-м нэхъ мынэхьыжь щIалэгъуалэр кьыхуреджэ упщIитIым иратыну жэуапыр электроным хтыгъэу е видеофильму ООН-м хуагъэхьыну. «Дунейпсо мамырыгъэмрэ шынагъуэншагьэмрэ зэтезыкъутэнкIэ хъуну щIэблэр зыгъэгъазэр сыт?» «ШынагъуэншагьэмкIэ Советым жефIэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу - а упщIитращ ООН-м и лэжьакIуэхэм къагъэувыр.

Жэуап нэхъ гъэщIэгъэнэхэр кьыхахынырэ, дыгъэгъазэм и 21-м екIуэкIыну ШынагъуэншагьэмкIэ Советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьынущ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 4, щэбэт

◆Хоккейм и урысейпсо мазэ

◆ Дыгъэгъазэм и 4 - 6-хэм Бургас (Болгариемэ) щIэзэхэтынущ тенджыз бIыщIэм кьызэщIиубыдэ щIыналъэм зегъэужьыныкIэ дунейпсо конгресс.

◆Информатикэм и махуэщ

◆ 1927 гъэм кьалъхуащ адыгей тхакIуэ, драматург Тхьэркъуахъуэ Мэжид. 1987 гъэм дунейм ехыжащ.

◆Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ пшэр техьэ-текIыу щытынущ, уэшх мащIэ Налшык кьыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 14-м нэсу зиIэтынущ, жэщым градусиз 8 щыIэнущ.

Дыгъэгъазэм и 5, *тхьэмахуэ*

◆Иракым щыпсэу цIыхухэр къыхатхыкIынущ.

◆1936 гъэм СССР-м и Конституцэр къащтащ. Къэбэрдей-Балъкъэр, автоном областыр Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэ хъуащ.

◆Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэр техьэ-текIыу щытынущ, махуэм хуабэр градус 15-м, жэщым хуабэр градусиз 8-м нэсынущ.

Дыгъэгъазэм и 6, *блыщхьэ*

◆ Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ

◆ Брюссель (Бельгием) щекIуэкIынущ ЕС - Урысей саммитыр.

◆Дунейм и щытыкIэнур «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэр техьэ-текIыу щытынущ, махуэм хуабэу градус 14, жэщым хуабэу градусиз 4 щыIэнущ.

ПIалэгъэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифиф.**

Лъэпкъ Iуэщ1ыгъэ:

Гъунэгъу бий ящIыркъым.

ЗэгурыIуэным щогуфI

Сириием и президент Асад Башар нобэ лъэжьигъэ Iуэхукъэ кIуащ Украинэм. Абыр я къэралым и Iыхьэ Янукович Викторрэ тепсэлъыхьынущ энергетикэм пыщIа Iуэхугъуэхэм, зэгуэкономикэ лъэныкъуэкIэ нэхъ зыубгъуауэ зэрызэдэлэжьэну щыкIэм.

Сириемрэ Украинэмрэ я президентхэм я мурадщ сатум и щIыналъэ щхьэхуит къызэрызэрагъэпэщыжьмкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзыну. Абы сатумкIэ я зэхуаку дэлъ зэгурыIуэныгъэхэр пIалъэ кIэщIым кьуриубыдэу ягъэзэжьуэкIыну мы гъэм и щэкIуэгъуэм зэгурыIуат Сириием финансхэмкIэ и министр Хьусейн Мухьэмэдрэ Украинэм и премьер-министр Азаров Николайрэ.

Януковичрэ Асадрэ тепсэлъыхьынущ Украинэм и Iуэхущ1апIэхэм Сириием и щIыдагъэ къыщIэшыпIэхэр зэтраухуэным. Урысейм и щIыдагъэу къигъэсэбэным хигъэщIын мурадкIэ, Украинэр ижь итщ хамэщIхэм щIыдагъэ я къыщыщIэщыныкIэ гъжьыгъэм кууэу зэрыщытар. Иджы къызэIуаха Iуэхутхьэбзэщ1апIэ центрым и Iэщ1агъэлIхэм я къалэн нэхъыщхьэщ щIыхуэхэм газ зэрыщIашэну щыкIэр зэгъэпэщыныкIэ ядэIэпыкъуну. Районым щыпсэуэхэр зыхуеину газ Iэмэпсымэхэр Iуэхутхьэбзэщ1апIэ центрым и гъэлъэгъуэныгъэ пэшым щагъуэтынущ. Куейм исхэм я зэманыр зэрагъэзэхуэныкIэ ар IэмальфIщ.

ПЩЫУНЭ Эмму.
Дзэлыкъуэ куей.

КъыщынэмыщIауэ

Къыщынэмыщ1ауэ, Украинэм и правительствэм жиIа Сириием и щIыналъэм электроэнергетикэм зыщегъэужьыныр пыщIа проектэр зыгъэзащIэ Iуэхущ1апIэхэм я предприятэхэр хагъэхьэну зэрыхуейр.

А кьалэр Израильм и ищхьэрэ щIыналъэмкIэ я нэхъ инщ, цIыху мин 250-рэ щопсэу, и инагькIэ къэралым щыещанэ жылагъуэщ. МафIэс шынагъуэм хэкIуэдащ цIыху 40 хуэдиз. Абыхэм я нэхъыбэр тутнакъущхьэкIэ управленэм и лэжьакIуэт. Ахэр зэрыс автобусыр мафIэсыр щыин щIыпIэм щыпхрыкIым щхьэпридзащ.

Хайфа щыIэ тутнакъущым щалыгъ цIыху 600-ри ягъэIэпхъуащ. ХэкIуэдахэр я IуэхумкIэ я лэжьэгъуэхм дэIэпыкъуну Iуэху яIэ.

Израильм и телевиденэм къызэригъэльэгъуамкIэ, мы щIыпIэм щыIэ мэзыр ягъэсауэ хуагъэфащэ, ауэ ар зылэжьахэр хэт сымэми къыхэтакъым.

Израильм и премьер-министр Нетаньяху Биньямин жиIащ абы нэхъ тхьэмащIкIагъэшхуэ я хэкур зэи Iумыуауэ икIи хамэ хэрахэм, Урысейри абы яхэту, кьыдэпыкъуну ельэIуащ. МафIэсыр зэрагъэункIыфIыным хуэщIа кьухьльэтхэр Алыджым, Урысеймрэ илъэтыкIащ.

Ягъэ дыдэу

ООН-м ШынагъуэншагьэмкIэ и Советым зэпымыууэ США-м и лIыкIуэу хэт Райс Сьюзан зэрыжиIэмкIэ, зэи къэмыкъуауэ, я Советым иригъэкIуэкIыну зегъэхьэзыр дуней псом щыщу жэрдэм зиIэ щIалэгъуалэр щрагъэблагъэ зэIущIэшхуэ.

ООН-м ШынагъуэншагьэмкIэ и Советым илъэс 25-м нэхъ мынэхьыжь щIалэгъуалэр кьыхуреджэ упщIитIым иратыну жэуапыр электроным хтыгъэу е видеофильму ООН-м хуагъэхьыну. «Дунейпсо мамырыгъэмрэ шынагъуэншагьэмрэ зэтезыкъутэнкIэ хъуну щIэблэр зыгъэгъазэр сыт?» «ШынагъуэншагьэмкIэ Советым жефIэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу - а упщIитращ ООН-м и лэжьакIуэхэм къагъэувыр.

Жэуап нэхъ гъэщIэгъэнэхэр кьыхахынырэ, дыгъэгъазэм и 21-м екIуэкIыну ШынагъуэншагьэмкIэ Советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьынущ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 4, *щэбэт*

◆Хоккейм и урысейпсо мазэ

◆ Дыгъэгъазэм и 4 - 6-хэм Бургас (Болгариемэ) щIэзэхэтынущ тенджыз бIыщIэм щыIэнущ.

◆Информатикэм и махуэщ

◆ 1927 гъэм кьалъхуащ адыгей тхакIуэ, драматург Тхьэркъуахъуэ Мэжид. 1987 гъэм дунейм ехыжащ.

◆Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэр техьэ-текIыу щытынущ, уэшх мащIэ Налшык кьыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 14-м нэсу зиIэтынущ, жэщым градусиз 8 щыIэнущ.

Дыгъэгъазэм и 5, *тхьэмахуэ*

◆Иракым щыпсэу цIыхухэр къыхатхыкIынущ.

◆1936 гъэм СССР-м и Конституцэр къащтащ. Къэбэрдей-Балъкъэр, автоном областыр Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэ хъуащ.

◆Дунейм и щытыкIэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэр техьэ-текIыу щытынущ, махуэм хуабэр градус 15-м, жэщым хуабэр градусиз 8-м нэсынущ.

Дыгъэгъазэм и 6, *блыщхьэ*

◆ Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ

◆ Брюссель (Бельгием) щекIуэкIынущ ЕС - Урысей саммитыр.

◆Дунейм и щытыкIэнур «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, пшэр техьэ-текIыу щытынущ, махуэм хуабэу градус 14, жэщым хуабэу градусиз 4 щыIэнущ.

ПIалэгъэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифиф.**

Лъэпкъ Iуэщ1ыгъэ:

Гъунэгъу бий ящIыркъым.

Зимыубгъун папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым щыIэжIа семинар зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Къэрал (муниципальнэ) Iуэхущ1апIэхэм хабзэмкIэ яIэ зэфIэкIыр зэрыхагъахьэрэ къыхьзкIыу УФ-м и хабзэгъэзыв Iуэху щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэдгъэхьнымкIэ зэрыгъэкIуатэ». Федеральнэ закон №83-ФЗ-р гъэзэщIэнымкIэ лэжьыпхъэхэм. А законым къыр егъуэт 2011 гъэм щыщыIэм I-м.

ЗЫТЕПСЭТЫХЬА федеральнэ законым бюджет Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэм финансхэм егъэщIыпIауэ яIэ щытыкIэм мардэщIэхэр хуэтъхуэ. Я мурадщ бюджет Iуэхущ1апIэ мин 330-р Iыхьитlу яугъэшыну. Ахъшэ кьалэжьыну зыхуэзфIэкIынухэм (щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хьумэным, щэнхабзэм я Iэнат1Iэхэм яцыщу) пщIыщу Iуэхущ1апIэхэм я щIэныгъэм пщэрыпсэ къащищыну къэралым пщэрыпсэ къащищыну тету. А лэжьыгъэм папщIэ бюджетым кьыхэкIыу субсидиехэр хуаутIыпщынущ. ПщIэкIэ ящIэ Iуэхутхьабзэ псоми кьапэкIуэ хэхъуэрэ зыкъыхьфхэр (пъэпкъ зыхъумэжыныгъэр, хабзэм ебэкъуэхэм тезыр щахь, апхуэдэхэр щагъасэ Iуэхущ1апIэхэр, н.кь.) къэрал Iэнат1Iу кьонэж икIи ахэр зыхуей хэзыгъэзэр кьэралыпщ. 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-р кьэсэкIу зэбгъэкIыгъэ лъхьхэмрэ Iуэхущ1апIэхэм я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуэну Iэмалхэр зэтриугъэхуэну.

КъБР-м и Парламентым етIуанэ еджэгъуэм кьищтащ «Къэрал (муниципальнэ) Iуэхущ1апIэхэм хабзэкIэ яIэ зэфIэкIым зэрыхагъахьэрэ къыхьзкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэгъэзыв Iуэху щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» щыIэ лэжьыгъэхэр зэрыкIуэрэ Парламентым и депутатхэр. Ар иригъэкIуэкIащ Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Ныкъуэдыкъуэхэм зыщIагъакIуэ

Илъэс щэщIым щIигъу яIэпкIэ а махуэр ягъэлъэпIэну щIагъэзыр зыхуэунэтIа мурадыр щыху псоми зэхуэдэ хуитыныгъэхэр яIэ: нымрэ ныкъуэдыкъуэхэм жылагъуэ гъащIэм зэран къаухуэхьу щымыIэу хэтыныкIэ Iэмалхэр къаухуэзгъэпэщыныкIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ щызэтеува хабзэфIщ ныкъуэдыкъуэхэм защIэгъэзыхьуэныж хуэунэтIауэ гъэ къэс махуипщ I лажьыгъэ зэрырагъэкIуэкIыж. Къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацхэм, Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм, хэзыгъэ я унафэщIу щытащ Говоров Анатолий. Зэман гугъум абы хуэзфIэкIащ Екатеринградскэ колхозри зэтриIыгъэ, я гъунэгъу Приближнэ станицэм Жук и цIэр зезыхь и колхозри кьыгуигъэхьэн.

2004 гъэ дыдэмрэ хозяйствэм и унафэщIщ КъБР-м и Парламентым и депутат, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я кандидат Говоров Сергей.

Махуэ лъапIэм теухуауэ колхоз лэжьыгъэм и ветеранхэм защхьэунгъаэм, Говоровым жаIащ: «Фэращ нобэ хозяйствэм иIэ ехьуIэныгъэ инхэр зи фIыщIэр. Дэ диIэщ гъавэ щIапIэу гектар мин 13-м щIигъу, Iэщ1ышхэу минитIым нэс, гъавэ кьыззырахьлIэж техникэу 170-м щIигъу. Цыху 421-р щылажьэ колхозым зиужьыным иужьрей илъэси 3-м кьриубыдэу сом мелуан 50 хальхащI».

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар хуэдэ хуэхуэ ехьуэхьуащ дяпэкIи ехьуIэныгъэ яIэну, зэгурыIуэныгъэр мамырыгъэр я зэхуаку дэлъыну, гъащIэ дахэ кьыгъэшыну.

Прохладнэ куейм и щIыпIэ администрацым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Абзэхэр Мэчрэ Iиа кьыхигъэщащ колхозыр зэрефIакIуэр, Екатеринградскэ, Приближнэ станицитIым дэт социальнэ Iуэхущ1апIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрадгъэIэныкъуэр. ИкIи абы ипкъ иткIэ, район муниципалитетым хозяйствэм щIыхь тхьагъэ иритащ.

ЗэIуIэм кьрихьэлIаехэм папщIэ ягъэхьэзыра концертым зэхуэдгъэзэжащ кьафэмкIэ «Тэрч къэзакъэр» къэрал ансамбль, Солдатскэ станицэм уэрэдымкIэ и жылагъуэ хорыр, кьуаажэ школым и еджакIуэгъэр, нэгъэущIхэри.

ЛУПЫРЁВ Ириз.

МОКАЕВ Магомет Гиля и къуэр

Дунейм ехыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хозяйствэ Iэнат1Iэм и унафэщI IэкIуэлъакIуэм, лэжьыгъэм нэсу хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIым куэд хищIыхьащ республикэм ухуэныгъэхэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и комплексхэм зегъэужьным. Абы и унафэм щIэту яухуащ профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэр, Пионерхэм я унэр, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм хиубыдэ унэ куэд.

Мокаев Магомет республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэми жыджэру хэтащ. Илъэси 10-м щIигъу ар «Къэббалъкъпромстрой» трестым и парткомым хэтащ, 1975 - 1982 гъэхэм КПСС-м и Октябрьскэ райкомым щыIащ, 1975 - 1979 гъэхэм щIыхьэ депутатхэм я Налшык къалэ советым и депутату, 1975 - 1985 гъэхэм Налшык къалэм и Октябрьскэ районым и щIыхьэ депутатхэм я советым и депутату хахащ. КПСС-м и Налшык къалэ конференцхэмрэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр областной конференцхэмрэ я делегату IэунэйIэр щытащ.

Мокаев Магомет псэемыблэжу зэрызэлэжьам хуэфащэ пщIэ хуащIащ. Абы КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхьилъыр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалым кьратащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и ухуакIэ» цIэ лъапIэр кьыфIащащ.

Мокаев Гиля и къуэр зэи яцIыгъупщэнкьым абы и щIыхь1уэ, и лъэжьагъуэ, и ныбжьыгъуэ щ1ытахэм.

БЕЖАН Беслъэн.

Зимыубгъун папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыIэхэтащ «2008 - 2010 гъэхэм КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щымыгъэIэныкIэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIыным» теухуа республикэпсо программэ зэгъэуIуар гъэзэщIа зэрыкьуэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ Парламентым и Унафэщ1м и япэ къуэрэзэ Жаным Руслан. Зэ1ущIэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1м и къуэдзэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, хабзэхьумэ Iэнат1Iэхэм я унафэщIхэм, лэжьагъэ, дин зэгугъэхьыныгъэхэм я Парламентым и депутатхэр.

- НОБЭ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я Iу жукIэ республикэр зэрыт щытыкIэр щIагъэкIуэкI. Мы гъэм жэпуэгъуэм и I-м кьата справкэхэм зэрытымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щалэжьащ щIэпхьаджагъэ 77-рэ, МВД-м и Iуэхущ1апIэхэм къулыкъ щызыщIэ щIыхь 22-рэ, мамыру псэу зы щIыхьрэ яуклащ. Уэгъэ кьащIащ милицэм хэт щIыхь 30-рэ мамыру псэу щIыхь 12-рэ. Абы щыгъуэми, щIэпхьаджагъэ 65-р зыIэжьахэр хэт сымэмэ сэтей кьахуэщIыркьым. ЗэкIуэдащ зы судыщIэ, прокуратурэм и зы лэжьакIуэ, следователу щIыхуит, мамыру псэу зы щIыхь. А псори фронтым кьратыкI хьыбархэм ещхьщ икIи псом нэхърэ нэхъ щынагъуэр апхуэдэ кьыбархэм, псэукIэм ди щIыхьхэр зэресэжаращ - жиIащ Жаным Руслан.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм щынагъуэщIагъэрэ хабзэхьумэ органхэм ящIэхьэныкIэ и управленэм и чэнджэщэгъу Байчекуев Асльэн кьиIэльэгъуащ 2004 гъэм щыщIэдзауэ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщэтын папщIэ кьызэрагъэпэща Iуэхущ1апIэхэр, кьащта законхэр зыхуэдэр, а законхэм программэ зэмылIэужьыгъуэхэми Iуэхумкlэ лэжьыпхъэу кьагъэувкэр, тепсэлъыхьащ экстремист литературэм яхьыщIагъэкI типографиехэр кьагъэуэтауэ зэхэущIыным, Iэщэ республикэм и щIыналъэм кьрамышэным, абы яхуэдэн нэгъуэщI Iуэхугъэхэм жуэмнэтIауэ ялэжьхэм, щIыхь куэд щызэхуэс щыпIэхэр теракт хэм зэрыщащхьумэм. Абы зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Президентым и Аппаратым щагъэхьэзыраш 2011 - 2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щыпIэщIэтыным теухуа республикэпсо программэ зэгъэуIуам и проект. Ар гъэзэщIэным текIуэдэну мыльпIуэм и хэкIыпIэхэр зэхэгъэкIа зэрыхьуу, проектыр кьащтэнщ.

КъБР-м и МВД-м криминальнэ милицэмкIэ и куэдамэм и унафэщI кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Бэрсэдж Анатолий зэрыжиIамкIэ, республикэм и адрей хабзэхьумэ органхэм я гъусэу Къэрал кIуэцI Iуэхугъэмкlэ министерствэм илэжьа Iуэхугъуэхэм я фIыгъэкIэ, мы гъэм къриубыдэу террористхэм яхэщIащ щIыхь 23-рэ, яубыдащ щIэпхьаджагъэ гупхэм ядэIэпыкъуа щIыхь 71-рэ, А бжыгъэм щыщу 10-м ехьэлIауэ уголовнэ Iуэхугъэр кьаIэтащ, ЩIэпхъаджащIэ гупхэм кьыхаху щыжьри, мамыру псэу хьужащ щIыхуи 3.

Республикэм и щIыналъэм кьыщIагъэуэтащ щIэпхьаджащIэ-террорист гупхэм я Iэщ1ыгъуэ 28-рэ, Iэщ1 73-рэ кьытрахащ, шэ мини 10-м щIигъу я гъусэу, зыIнэсыгъуей щIыпIэхэм а гупхэм кьыщIэрагъэпэща хэщIапIэу 9 эзтракъутащ, абы щыщу 6-р хуэщIат пIалъэ кьыхькIэ щIэпхьаджащIэхэр зэрыщIэсэунум. КьищынэмыщIауэ, лагъым щызэпкIэралъхьэ лабораторэу 2 кьагъуэтри, зэхуэдащIащ, кьыззрагъэупща хуэхьэзыр лагъыму 20 щынагъуэншэ ящIащ.

- ЩIэпхьаджащIэ гупхэм я унафэщIу нэхъ цIэрыIуэхэр яукIа е яубыда нэужь, террористхэр хуэкIуащ гъэпщкIауэ адэ-мыдэкIэ кIэщIалъхъэ лагъымкIэ кьэгъэуэным. Мы гъэм зэрыщIидзэрэ абыхэм щIэпхьаджагъэу 97-рэ яIэжьащ, 2009 гъэм а бжыгъэр 28-рэ, 2008 гъэм 36-рэ хуэдэу, арат, - жиIащ Бэрсэдж Анатолий.

А Iуэхугъуэ 97-м щыщу 47-м террористхэм кьыщагъэсэбэпащ Iэрыщ1 лагъымкэр. А Iуэху псори зыхуэунэтIар хабзэхьумэ органхэм я лэжьакIуэхэр укIынрат.

- Дыгъуауэ, сату щIыпIэхэм мафIэ щIадзауэ, нэгъуэщI щIэпхьаджагъэхэр ялэжьауэ милицэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ террорист гупхэм я щыщу щIыхьэ 8. Хубыхэм кьыкъуахащ Iэщ1э зэмылIэужьыгъуэу 15: автоматэ 7, зы гранатэдз, кIэрахьуэу 2, нэгъуэщIхэри, - щыжиIащ зэIущIэм Бэрсэджым.

Дяпэкlэ террорист гупхэм я м ужрадзэр кьыззэпаудын, КъБР-м и щIыналъэм щызекIуэныр ящIэхьэнымкIэ, Iуэхум фы и лъэныкъуэкIэ зихуэжьэн папщIэ, лэжьапIэщIэхэр кьызэIуахын, щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн, дин лэжьакIуэхэм я пщIэр кьэIэтын, террористхэм диным пылщауэ кьагупсыс идеологиер лъабжьэншэ, щхьэусыгъуэншэ щIын хуейщ.

ЗэIуIэм кьыщалъытащ терроризмэм ебэныныкIэ хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэр я кьалэнхэм тэмэ щIэмыгъэжъ, сыту жыпIэмэ, дяпэкIэ терроризмэм пэщIэтын, сыт и лъэныкъуэкIи ебэнын хуейуэ аращ. Абы папщIэ jэкъыпхьэ Iуэхугъуэхэращ псом япэу программэщIэм щабзыкунри.

ГЪУЩIО Зариф.

● КъБР-м и Парламентым

ЩIэм тету

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым щекIуэкIа семинар зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Къэрал (муниципальнэ) Iуэхущ1апIэхэм хабзэкIэ яIэ зэфIэкIыр зэрыхагъахьэрэм къыхьзкIыу УФ-м и хабзэгъэзыв Iуэху щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэдгъэхьнымкIэ теухуа» Федеральнэ закон №83-ФЗ-р гъэзэщIэнымкIэ лэжьыпхъэхэм. А законым къыр егъуэт 2011 гъэм щыщыIэм I-м.

КъБР-м и законыр. Апхуэдэу япэ еджэгъуэм пхрыкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал Iуэхущ1апIэхэм зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэм щыIэну зэфIэкIыр зыхуэдэнум хэлъыну щыхьэхэм я Iуэхуэ» КъБР-м и закончи. ЗэблэкIыгъуэ лъэхъэнэр нуха нэужь, 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м кьару ягъуэтынущ Федеральнэ закон №83-ФЗ-м щыубзыхуа Iуэху нэхъыщхьэ псомкI.

Абы кьыдэкIуэу, зэIущIэм кьыщыхагъэбеддяныпыкIащ щыпIэ самоуправленэм и органхэр а законыр гъэзэщIа зэрыхьнымэ теухуауэ куэдым зэрыщIэупщIэр. А щхьэусыгъуэм кьыжьыну абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъун, законым щыубзыхуа псори гурагъэIуэн хуейщ. Апхуэдэу республикэм и бюджет Iэнат1Iэм и Iэнат1Iэ псомиI кьрал (муниципальнэ) Iуэхущ1апIэхэм я лIэужьыгъуэхэр зэрызэрахъуэкIыну щыкIэм зэхуэдэу бгъэдыхьэн хуейщ.

Семинарым хэтэхэр мыбдеж щыщIэупщIащ Iуэху куэдым. Абыхэм жэуап пратащ Финансхэмкlэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ, Узынщагъэр хьумэныкIэ министерствэхэм я Iэщ1агъэлIэхэм, Парламентым и депутатхэм. Абы кьыдэкIуэ семинар-зэIущIэм хэтхэм гъэзэщIакIуэ властымрэ щыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм чэнджэщ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1м и кьуэдзэ Саенкэ Татьянэ кьызэхуэсахэм яжриIащ Федеральнэ закон №83-ФЗ-м щыубзыхуа Iуэху езыныкIуэхэр ягурызыгъаIуэ брошюрэ республикэм и Парламентым кьыззрыдигъэкIар. Къэралым ей е имей, зи щхьэ зыгъэпсэуж Iуэхущ1апIэхэр зыхуэдэхэр а тхыльэ щыкIым беддяныпыI ещI, мы законым кьыззрагъэсэбэныну щыкIэр ягурелъагъуэ. Апхуэдэу еубзыхуэ къэралI Iуэхутхьабзэхэр зыхуэдэр, нэгъуэщIхэри. Брошюрэм итщ Федеральнэ закон №83-ФЗ-м и текстыр, апхуэдэу абы тещIыхьауэ УФ-м и Правительствэм, Финансхэмкlэ и министерствэм кьащта унафэхэр. Тхыгъэр кьыщагъуэтынущ КъБР-м и Парламентым и www.parlament.kbr.ru. сайтым.

Семинар-зэIущIэм хэтащ, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лIыкIуэхэр, Парламентым и депутатхэр. Ар иригъэкIуэкIащ Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Прохладнэ куей

Юбилейр ягъэлъапIэ

Прохладнэ куейм хьыхь Екатеринградскэ станицэм Петровэ я щIэр зезыхь и колхозыр илъэс 80 зэрырикъур щагъэлъапIащ. А зыращ советхэм я эмалым щыIа дэжьэкIэм кьытенауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэжьр.

КъУАЖЭШХУЭМ Щэнхабзэмкlэ и унэм кьыщIэзыхуэсат кьуаажэдэсхэмэ хьэщIэхэмрэ. Абыхэм ягу кьагъэкIыжащ колхозым и тхьдэр.

Петровэ я цIэр зезыхь колхозым фIыуэ зыщIужьар 70 - 80 гъэхэрщ. А илъэсхэм жьыпм дащIыхьащ спортым хуэхха унэ, мэшиН, машинэ-трактор станц, джэд, Iэщ, бдзэжьей щагъэхьу фермэхэр, кьинэмыщIэхэри.

90 гъэхэм зэхъуэкIыныгъэм и зэманым, хозяйствэм и унафэщIу щытащ Говоров Анатолий. Зэман гугъум абы хуэзфIэкIащ Екатеринградскэ колхозри зэтриIыгъэ, я гъунэгъу Приближнэ станицэм Жук и цIэр зезыхь и колхозри кьыгуигъэхьэн.

2004 гъэ дыдэмрэ хозяйствэм и унафэщIщ КъБР-м и Парламентым и депутат, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я кандидат Говоров Сергей.

Махуэ лъапIэм теухуауэ колхоз лэжьыгъэм и ветеранхэм защхьэунгъаэм, Говоровым жаIащ: «Фэращ нобэ хозяйствэм иIэ ехьуIэныгъэ инхэр зи фIыщIэр. Дэ диIэщ гъавэ щIапIэу гектар мин 13-м щIигъу, Iэщ1ышхэу минитIым нэс, гъавэ кьыззырахьлIэж техникэу 170-м щIигъу. Цыху 421-р щылажьэ колхозым зиужьыным иужьрей илъэси 3-м кьриубыдэу сом мелуан 50 хальхащI».

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар хуэдэ хуэхуэ ехьуэхьуащ дяпэкIи ехьуIэныгъэ яIэну, зэгурыIуэныгъэр мамырыгъэр я зэхуаку дэлъыну, гъащIэ дахэ кьыгъэшыну.

Прохладнэ куейм и щIыпIэ администрацым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Абзэхэр Мэчрэ Iиа кьыхигъэщащ колхозыр зэрефIакIуэр, Екатеринградскэ, Приближнэ станицитIым дэт социальнэ Iуэхущ1апIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зэрадгъэIэныкъуэр. ИкIи абы ипкъ иткIэ, район муниципалитетым хозяйствэм щIыхь тхьагъэ иритащ.

ЗэIуIэм кьрихьэлIаехэм папщIэ ягъэхьэзыра концертым зэхуэдгъэзэжащ кьафэмкIэ «Тэрч къэзакъэр» къэрал ансамбль, Солдатскэ станицэм уэрэдымкIэ и жылагъуэ хорыр, кьуаажэ школым и еджакIуэгъэр, нэгъэущIхэри.

ЛУПЫРЁВ Ириз.

● Жэрдэм

Зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхугъэмрэ жылагъуэ зэгуфыкIыгъэхэм ядэлажьэныкIэ и министерствэм зэхьэзыр Къэшкъэтау къуажэм щриГъэкIащ, лъэныкъэм яку дэIэ зэгурыIуэныгъэ зэныбжьэгъугъэмрэ гъэбыдэным теухуауэ. ЩIэдзэм куейм хьыхь ЩхьэлыкIуэ жьыдэм щыщ ныбжьыщIэхэр Къэшкъэтау щыхьэщIащ.

